

Bhaibheri re vana
Rikukupai

Muranda
anobva
murwizi



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus

Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.



Mambo Josefa
vakanga vafa!
Vanhu vose muIjipita
vakachema pamwe
chete nemhuri yake.



Mwari vakanga
vashandisa Josefa
muHeberu kuti
abatsire nyika
munguva yenzara.

Akanga ari
mutungamiri
ane
uchenjeri,
uye
ayifarirwa
nevanhu vose.
Akanga afa.



Makore zana nematatu akapfura. VaHeberu, vanhu vakanga vari verudzi rwaJosefa vakanga vawanda munyika yeIjipita. Mambo Farao akanga achitonga akaita kuti vose vave vashandi.



Farao akanga aine hutsinye kune vaHeberu.
Akavamanikidza kuti vavake makuta makuru,
asi vaHeberu vakaramba vachiwedzera.



Rimwe zuva, Farao akati, "Vanakomana vese vaHeberu vachazvarwa vanofanira kukandwa murwizi rweNile." Farao akanga aine hutsinye uye akanga achida kuti vaHeberu varege kuwanda.



Imwe mhuri yakanetseka vakati, "Toita sei?"
Vakatora mwanakomana vavo vachibva vamuisa
mubhasikiti risingapindi mvura, vachibva vamuisa
murwizi.



Bhasikiti rakanga rakatakura mwana rakaerera nemvura. Ko chii chakanga chichaitika kune mwana uyu?



Vakamira nechekure, sisi vemwana vakatarisa
bhasikiti richierera nemvura.



Mwanasikana waFarao ne vashandi
vake vakauya kurwizi kusogeza.
Zvichida vakanga vachafamba
vachidarika bhasikiti.



"Honai! Bhasikiti. Mukati munei?" Mwanasikana waFarao akatuma mushandi wake kuti atore bhasikiti. Akavhura achibva aona mwana achichema. Akataura akati, "Mwana wemuHebheru."



Mwanasikana waFaro akataura memwana achiti, "Uri mwana akanaka." Zvichida akataura naye nenzira inotaura vakuru vachitaura nevana vadiki.



Zvichida, Mwari akanga apa sisi vemwana uchenjeri. Akamhanya kuenda kune mwana waFarao. "Ndotsvaga here mudzimai werudzi rwavaHeberu kuti achengete mwana?"

Mwanasikana wa Farao akapindura akati, "Hongu, enda."

Unofunga kuti musikana akaenda kunotora ani?



"Amai! Huyai nokukurumidza! Kurumidzai!"
Zvichida musikana akanga asina nguva
yokutsanangura.
Vari vaviri
vakamhanya
kuenda.



Vari kurwizi, mwanasikana waFarao akatakura Mozisi. "Ndichengeterei mwana uyu, ndinokubhadharai. Ndichamuti Mozisi." Zvichida Mozisi zvaireva kuti mwana anobva murwizi.



Naizvozvo Mozisi akadzoserwa kumba, kwakanga kuine vabereki vake. Vakamudzidzisa kuda Mwari nevanhu verudzi rwavaHebheru.

Mushure menguva, akanga achaenda kunogara kuimba yaFarao nemwanasikana wake. Mwari akanga aine zvaakaronga noupenyu waMozisi.



Muranda anobva murwizi

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ekisodho 2

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

